



Republik Ayiti

# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



## Selebrasyon Mwa lang ak kilti kreyòl 2022

« **Lang kreyòl ayisyen nan lasyans : wi, nou ap vanse !** »

Tèm selebrasyon Mwa lang ak kilti kreyòl pou ane 2022 a, se tankou yon lanbi rasanbleman Akademi Kreyòl Ayisyen kònen pou li mande tout moun ki ap travay nan domèn syantifik pou yo pote kole nan yon konbit ki deja ap fè chemen li nan peyi Ayiti ak nan peyi etranje. Konbit sa a, se jefò anpil etidyan, chèchè nan plizyè domèn ap fè pou kore devlopman lang kreyòl la, nan ogmante kantite pwodiksyon syantifik disponib nan lang kreyòl ayisyen an. « **Lang kreyòl ayisyen nan lasyans : wi, nou ap vanse !** », se yonn nan pi bon fason Akademi an kapab mande lòt chèchè yo, pou yo pa neglije pibliye nan tout domèn lasyans atik, liv, rechèch, nan lang majorite a, nan lide pou ranfòse dwa grandèt lang kreyòl ayisyen an.

Lè Akademi kreyòl ayisyen chwazi kòm tèm : « **Lang kreyòl ayisyen nan lasyans : wi, nou ap vanse !** », sa pa vle di Akademi an gen satisfaksyon pou pwogrè lang kreyòl la fè nan domèn syantifik, men li pa ka pa souliye epi salye nonplis, gwo jefò chèchè ki gentan met men nan pat la, pou pèmèt lang kreyòl la okipe yon plas ki pi enpòtan nan disiplin syantifik yo. Akademi an okouran, nan sans sa a, travay kèk pwofesè nan inivèsite ap fè nan peyi Ayiti ak nan peyi etranje. Men li ta vle sitou mete aksan sou travay jèn yo ki reprezante lavni gwo konbit sila a. Nou resanse plizyè travay rechèch etidyan ki fèt nan lang kreyòl la: nan Fakilte lengwistik Aplike, nan Fakilte Etnoloji, nan Lekòl Dwa Okay, nan Fakilte Syanzimèn, nan Duke University (Etazini). Nou ta kapab ajoute nan lis sa a lòt travay rechèch ki fèt sou kreyòl nan lòt lang tankou fransè, anglè ak espanyòl nan plizyè lòt inivèsite etranje. AKA envite jèn yo suiv tras devansye yo ki trase chemen pou tout moun pa ezite fè pwodiksyon syantifik an kreyòl.

Ki vrè sans « **Lang kreyòl ayisyen nan lasyans : wi, nou ap vanse !** » ? Akademi Kreyòl Ayisyen konsyan wout ki rete pou fèt la anpil e defi yo gran anpil. Sepandan kote nou rive jodi a, se pa la nou te ye ayè. Se rezon sa a ki fè Akademi an bat bravo pou tout moun, ki fè zafè kreyòl nan lasyans la tounen zafè pa yo. Si se vre, jan nou kapab konstate li, nan domèn syanzimèn ak sosyal yo, lang kreyòl la ap pran plas li piti piti nan lasyans, men nan lòt domèn yo, etidyan, syantifik ak chèchè yo dwe fè plis jefò pou yo antre nan wonn



Republik Ayiti

# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



nan tou. Akademi Kreyòl Ayisyen vle di, atravè tèm Selebrasyon Mwa lang ak kilti kreyòl 2022 a, koze kreyòl nan lasyans la pa ni zafè pa li sèlman, ni zafè de (2), twa (3) moun. Se pou nou tout pote kole pou nou anrichi literati syantifik lang kreyòl la. Se yonn nan fason nou ap kapab kore devlopman lang kreyòl ayisyen an ki rive nan yon pwèn kote chak grenn sèl konte : nan domèn medikal, agwonomi, meteyoloji, enfòmatrik, dwa, patrimwàn, istwa, anviwònman, lengwistik, matematik, chimi, jeni elatriye. Jou nou rive pwodui tout kalite konenans syantifik peyi a bezwen, se jou sa a, peyi nou an, san fè bri, ap kapab revandike dwa grandèt li, nan diferan domèn sa yo.

Dwayen Fakilte Lengwistik Aplike (FLA), pwofesè Renauld Govain, jou ki te 22 oktòb 2021, nan yon konferans li t ap anime pou Akademi Kreyòl Ayisyen an, sou tèm : **Lang kreyòl nan lasyans : esperyans ki fèt nan Fakilte Lengwistik Aplike**, te deklare e n ap site : « *Lang kreyòl pa gen pwoblèm ak lasyans, ni lasyans pa gen pwoblèm ak lang kreyòl la. Se wòl syantifik yo pou yo pwodui nan lang lan. Sa vle di, si pa gen anpil pwodiksyon nan lang kreyòl la, se pa lang lan ki responsab yon sityasyon konsa...* ». Kòm enstitisyon Leta kreye (Atik 213 Konstitisyon Ayiti) pou devlope lang kreyòl la, selon prensip lasyans, Akademi Kreyòl Ayisyen di li pare pou li kore tout inisyativ ki gen objektif pwodui dokiman syantifik nan lang kreyòl la. Pandan li ap felisite *Université Publique du Nord au Cap-Haitien* ki deside otorize etidyan yo fè memwa lisans yo nan lang kreyòl, Akademi an ap ankouraje tout lòt inivèsite nan peyi a suiv ekzanp sa a. Konsa, Akademi Kreyòl Ayisyen gen plezi anonse li pral lanse yon pri ki dwe ankouraje, chak ane, twa (3) etidyan ki fè memwa fen etid yo nan lang kreyòl la. Se yon fason pou moun k ap pwodui nan lang kreyòl la nan domèn lasyans kontinye vanse ak pèsèverans.

Kidonk, tèm mwa oktòb 2022 a, se yon envitasyon, yon ankourajman, yon modòd pou kominote syantifik ayisyen ki gaye toupatou, an Ayiti tankou aletranje, nan tout domèn, pou yo pa neglije livre pwodiksyon syantifik nan lang kreyòl. Kreyòl ka pale lasyans, se ba li pou nou ba li lapawòl.